

BAB 1

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta raraga tulisan.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Kahirupan manusa moal bisa leupas tina budaya jeung lingkungan alam sabudeureunana. Alam jadi salasahiji sumber daya panggedéna nu ngajamin kalumangsungan hirup manusa. Kitu deui, hirup kumbuh manusa jeung alam sabudeureun raket patalina jeung budaya-budaya nu kacipta. Endraswara (2016, kc. 4) ngébréhkeun yén sastra, budaya, jeung lingkungan mangrupa tilu hal nu silih tumali jeung miboga peran penting dina kahirupan manusa. Tina éta pamadegan, sastra kasabit-sabit jadi salasahiji peranan penting dina lumangsungna kahirupan manusa. Naon nu ngabalukarkeun sastra jadi peran penting dina kahirupan manusa? Kaswadi (2015, kc. 32) nyebutkeun yén minangka produk budaya, sastra miboga hubungan jeung kahirupan manusa. Ayana sastra mangrupa hasil tina kabiasaan-kabiasaan nu dilaksanakeun ku manusa nu ngajanggélék jadi hiji budaya. Jadi, éta tilu hal sagemblengna teu beunang dipisahkeun.

Sastra jadi média dina ngagambarkeun kaayaan-kaayaan alam sabudeureun utamana dina wangun karya sastra tinulis. Pangarang lain saukur ngébréhkeun nu patali jeung rasa atawa kisah asmara, tapi réa ogé nu ngébréhkeun kumaha lumangsungna kahirupan manusa dina karyana. Alam jadi salasahiji sumber imajinasi sastrawan dina nyiptakeun hiji karya. Kaayaan-kaayaan alam nu digambarkeun ku pangarang dina karyana bisa ngawujud rasa sukur manusa kana kaéndahanana, ngawujud kabiasaan manusa nu hirup réréndéngan jeung alam, sarta minangka pépéling ka manusa pikeun ngajaga alam sangkan henteu ruksak boh ruksak ku *bencana* boh ruksak ku paripolah-paripolah manusa.

Patalina alam jeung sastra jadi cukang lantaran ayana pamarekan nu mangrupa gabungan tina ékologi jeung sastra. Kiwari, éta pamarekan téh katelah

ku pamarekan ékologi sastra. Endraswara (2016, kc.2), ngébréhkeun yén ékologi mangrupa gabungan tina dua kecap nyaéta *oikos* nu hartina imah jeung *logos* nu hartina élmu atawa pangajaran, ku kituna ékologi mangrupa élmu nu maluruh hubungan antara manusa jeung lingkungan sabudeureunana.

Ékologi jeung sastra mangrupa dua hal nu béda, saperti nu titétélakeun ku Endraswara (2016, kc.2) yén ékologi jeung sastra dua hal nu teu sarua, tapi sastra butuh ékologi sarta sastra butuh lingkungan. Tina éta pamadegan, sastra moal leupas tina wengkuan pangarang minangka kréatorna sarta paripolah manusa jeung alam nu jadi objék dina karya sastrana. Cindekna, ékologi sastra mangrupa élmu nu maluruh antara widang sastra, alam, jeung paripolah manusa.

Karya sastra nurutkeun wangunna kabagi jadi tilu, nyaéta wangun puisi, prosa, jeung drama. Salasahiji karya sastra dina wangun prosa nyaéta novel, nu leuwih pondokna disebut novelét. Nurgiyantoro (2013, kc. 13) ngébréhkeun yén novel mangrupa karya prosa fiksi nu leuwih panjang ti karangan carpon. Tuluy disebutkeun ogé yén eusi novel kawilang leuwih lengkep, leuwih wincik, sarta nyaritakeun pasualan-pasualan nu leuwih kompléks. Nurutkeun Isnendes (2010, kc. 39) novel téh prosa rékaan nu ngawujud lalakon (naratif), wujudna panjang, sarta galur caritana ngarancabang (kompléks). Ari novel jeung novelét ilaharna mah sarua, nu ngabédakeun nyaéta dina ukuranana. Saupama ukuran novel paling saeutikna 150 kaca, ku kituna ukuran carita prosa nu kurang ti 150 kaca disebutna novelét.

Novel Sunda nu munggaran medal nyaéta *Baruang ka Nu Ngarora* karya D.K. Ardiwinata. Ieu novel medal dina taun 1914. Nurutkeun Ruhaliah (2020, kc. 79) novel mangrupa karya sastra prosa nu medal dina mangsa kaopat taun 1900-1945. Tuluy gelarna novel jeung carpon di tatar Sunda téh katelah jauh leuwih mimiti tibatan novel-novel dina basa Melayu jeung basa-basa séjénna lantaran dipangaruhan ku tata lokasi tatar Sunda nu deukeut jeung pusat pamaréntahan dina mangsa harita (Ruhaliah, 2020, kc. 79).

Karya-karya sastra Sunda nu ngajadikeun alam minangka objékna kapanggih dina sawatara novel jeung carpon saperti *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* karya Dadan Sutisna, *Numbuk di Sue* karya Moh. Ambri, kumpulan carpon *Sapeuting di*

Cipawening karya Usep Romli, *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna, *Hujan di Girang Caah di Urang* karya Min Resmana, jeung sajabana.

Tina sawatara pangarang nu geus ditataan, Dadan Sutisna réa nulis karya pikeun bacaan barudak nu ngagambarkeun kahirupan manusa jeung alam minangka tempat hirupna. Saperti dina novelét *Mistéri Haur Geulis* nyaritakeun barudak nu sakola di kota rék nyaba ka lembur dina raraga pakanci atawa *study tour*. Dicaritakeun yén di lembur nu rék disaba téh kahirupan masarakatna raket kénéh jeung kabudayaan, kumaha masarakat hirup kumbuh jeung alam, sarta ayana mitos atawa kapercayaan yén di lembur Haur Geulis aya aturan nu teu bisa dirempak ku masarakatna.

Tina sawatara hal nu geus dijéntrékeun di luhur, panulis nyokot salasahiji karya Dadan Sutisna nu kaasup kana wangun prosa novelét kalawan jejer *Mistéri Haur Geulis* minangka objék panalungtikan. Anu jadi alesan kairutna panulis pikeun nalungtik ieu novelét lantaran caritana basajan tapi miboga amanat nu hadé, ngandung unsur-unsur nu patali antara manusa jeung alam, sarta ayana éta kakaitan bisa ngeuyeuban panalungtikan dina widang ékologi sastra nu kawilang masih kénéh jarang dilaksanakeun hususna dina kasusastraan Sunda.

Tujuan tina ieu panalungtikan nyaéta nganalisis atawa mesék novelét *Mistéri Haur Geulis* ngagunakeun tiori struktural Robert Stanton nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra; ngadéskripsikeun konsép-konsép ékologi nu nyangkaruk dina eusi carita, sarta ngeuyeuban panalungtikan karya sastra hususna dina widang ékologi sastra nu bisa ngarobah pola pikir manusa sangkan salawasna mikacinta alam.

Patali jeung panalungtikan saméméhna, can aya nu kungsi nalungtik novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna nu maké tiori struktural jeung ékologi sastra. Anapon panalungtikan nu sarua ngagunakeun pamarékan ékologi sastra kapanggih opat panalungtikan dina basa Sunda jeung hiji panalungtikan dina basa Indonésia nyaéta skripsi Herman Setiawan nu judulna “Kumpulan Carpon *Sapeuting di Cipawening* Karya Usep Romli H.M. pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Carpon di Kelas X SMA (Ulitan Struktural jeung Ékokritik)” taun 2017. Skripsi M. Andri Yuriansyah nu judulna “Novel *Numbuk di Sue* karya Moh. Ambri pikeun Alternatif Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMA

(Ulikan Struktural jeung Ékologi Sastra)” taun 2019. Skripsi Ilham Akbar Ghifari nu judulna “Novel *Nu Ngageugeuh Legok Kiara* Karya Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas IX SMP (Ulikan Struktural jeung Ékokritik)” taun 2020. Skripsi Mia Candrika Dewi nu judulna “Lingkungan Alam dina Novelét Rumaja *Hujan di Girang Caah di Urang* Karya Min Resmana pikeun Bahan Pangajaran Maca Novel di Kelas XI SMA (Ulikan Struktural jeung Ékologi Sastra)” taun 2023, sarta skripsi Indah Dewi Herdiyanti nu judulna “Ekokritik Sastra Novel *Sawitri dan Tujuh Pohon Kelahiran* Karya Mashdar Zainal serta Pemanfaatannya sebagai Buku Pengayaan Pengetahuan” taun 2020.

Sacara alur panalungtikan jeung tiori nu dicokot dina panalungtikan saméméhna kurang leuwihna mah sarua, nu ngabédakeun dina unggal panalungtikan nyaéta tina data atawa objék nu ditalungtikna sarta référénsi-référénsi nu dicutatna. Anapon dina panalungtikan nu dilaksanakeun ku panalungtik, tangtu nu jadi pangbéda dina ieu panalungtikan téh katitén tina objékna nyaéta novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna.

Nilik kana kasang tukang di luhur, perlu ayana panalungtikan kana novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna pikeun maluruh eusi carita nu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra kalayan panalungtikan nu lengkep. Salian tina jihad struktural, diguar ogé ékologi sastra sangkan mikanyaho konsép-konsép ékologi naon waé nu aya dina éta carita. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijejeran “Ulikan Struktural jeung Ékologi Sastra dina Novelét *Mistéri Haur Geulis* Karya Dadan Sutisna”.

1.2 Rumusan Masalah

Rumusan masalah dina ieu panalungtikan nyaéta saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna?
- 2) Konsép-konsép ékologi naon waé nu nyampak dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho struktur jeung konsép-konsép ékologi nu nyampak dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna;
- 2) konsép-konsép alam nu nyampak dina novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan kabagi jadi dua, nyaéta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun jadi bahan rujukan, sumber atawa référénsi, boh dina panalungtikan pikeun mekarkeun élmu pangaweruh boh dina mekarkeun kasusastraan Sunda hususna dina widang ékologi sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan diwincik jadi tilu mangpaat nu dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) pikeun panalungtik, jadi pangajaran sangkan boga kaweruh anyar dina widang sastra hususna ngeunaan ékologi sastra ku cara nganalisis novelét *Mistéri Haur Geulis* karya Dadan Sutisna;
- 2) pikeun penggiat intéléktual, jadi hiji rujukan, sumber, atawa référénsi pikeun kabutuhan pangajaran utamana ngeunaan novelét, sastra, jeung ékologi sastra; sarta
- 3) pikeun masarakat, jadi hiji sumber bacaan nu réa mangpaatna hususna dina numuwuhkeun kasadaran ngeunaan élmu nu patali jeung alam.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab sakumaha anu dipedar di handap.

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan umum jeung tujuan husus panalungtikan, mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis panalungtikan, sarta raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab dipedar ngeunaan ulikan tiori nu patali jeung panalungtikan nu ngawengku novel, struktural, jeung ékologi sastra. Lian ti éta, dipedar ogé ngeunaan panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu sawanda jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan prosedur panalungtikan nu ngawengku méthode panalungtikan, objék nu ditalungtik, desain panalungtikan, data jeung sumber data, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, sarta téknik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun saluyu jeung hasil ngolah nu patali jeung rumusan masalah sarta tiori nu aya dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan ahir panalungtikan nu ditandeskeun ku kacindekan sarta rékoméndasi panulis tina panalungtikan nu geus dilaksanakeun.